## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRINIŃ BUYRÍǴÍ

**Mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, professional hám mektepten tısqarı bilimlendiriw mákemeleriniń pedagog xızmetkerlerin attestaciyadan ótkeriw tártibin jetilistiriw is-ilajları haqqında**

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń «**Mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, professional hám mektepten tısqarı bilimlendiriw mákemeleriniń pedagog xızmetkerlerin attestaciyadan ótkeriw tártibin jetilistiriw is-ilajları haqqında**»ǵı 2021-jıl 17-sentyabrdegi 572-sanlı qararı hámde Xalıq bilimlendririw ministriniń 2021-jıl 7-oktyabrdegi 328-sanlı buyrıǵiniń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde **buyıraman**:

1. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń «**Mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, professional hám mektepten tısqarı bilimlendiriw mákemeleriniń pedagog xızmetkerlerin attestaciyadan ótkeriw tártibin jetilistiriw is-ilajları haqqında**»ǵı 2021-jıl 17-sentyabrdegi 572-sanlı qararı hámde Xalıq bilimlendririw ministriniń 2021-jıl 7-oktyabrdegi 328-sanlı buyrıǵi rayon(qala) xalıq bilimlendririw bólimleri baslıqları, respublikqalıq boysınıwdaǵı bilimlendiriw mákemeleri hámde ulıwma orta bilim beriw mektepleri direktorları tárepinen orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

**2.** Usı qarar menen:

**a) 2022-jıl 1-yanvardan baslap:**

Mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, professional hám mektepten tısqarı bilimlendiriw mákemeleriniń pedagog xızmetkerlerin attestatsiyadan ótkeriw boyınsha rayon(qala) xalıq bilimlendiriw bólimleri hámde barlıq bilimlendiriw mákemeleri kólemindegi attestaciya komissiyaların dúziw hám pedagog xızmetkerlerdiń hújjetler toplamı(portfolio) arqalı hújjet tapsırıw ámeliyatınıń biykar etiliwi;

pedagog xızmetkerlerdi attestaciyadan ótkeriw, olardıń pedagogikalıq sheberligi hám psixologiyalıq tayarlıǵın bahalaw hámde Ministrler Kabineti janındaǵı Bilimlendiriwdiń sapasın qadaǵalaw mámleketlik inspekciyası (keyingi orınlarda –Inspekciya) tárepinen oqıtatuǵın páni boyınsha qánigelik sınawın ótkeriw arqalı ámelge asırılıwı;

pedagog xızmetkerlerdi attestaciyadan ótkeriw hám olarǵa qánigelik kategoriyasın(lawazımın) beriw boyınsha hújjetlerdi qabıl etiw pedagog xızmetkerler tárepinen mámleketlik xızmetler oraylarına, Ózbekstan Respublikasınıń jeke interaktiv mámleketlik xńzmetler portalı yaki Inspekciyanıń rásmiy veb-saytındaǵı arnawlı portal arqalı ámelge asırılıwı;

pedagog xızmetkerlerge qağaz formasındağı attestaciyadan ótkenligi haqqındağı sertifikat beriw ámeliyatı biykar etilip, elektron sanlı imza menen tastıyıqlanğan hám QR-kod quyılğan elektron formadağı sertifikat beriw tártibiniń engiziliwi;

pedagog xızmetkerlerge usı qarar qabıl etilgenge shekemgi berilgen attestaciyadan ótkenligi haqqındağı sertifikatlar óz kúshinde qaladı hám ámel etiw múddeti tamamlanğanğa shekem sertifikatta kórsetilgen qánigelik kategoriyası (lawazımı) boyınsha bazalıq tarif stavkaları tiykarında is haqı tólewde esapqa alınıwı belgilengenligi;

pedagog xızmetkerlerdiń pedagogikalıq sheberligi hám psixologiyalıq tayarlığın bahalaw kriteriyaları, pedagog xızmetkerler attestaciyasın shólkemlestiriw hám ótkeriw sxeması hám pedagog xızmetkerdiń attestatsiyadan ótkenligi haqqında sertifikattıń mámleket belgisin óz ishine alğan **«Mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, professional hám mektepten tısqarı bilimlendiriw mákemeleriniń pedagog xızmetkerlerin attestatsiyadan ótkeriw tártibin jetilistiriw is-ilajları haqqında»**ğı Reje tastıyıqlanğanlığı mağlıwmat ushın qabıl etilsin.

**3. Ministrliktiń Bilim sapası monitoringi bólimi (H.Begdullaev)ne:**

a) Rayon(qala) xalıq bilimlendiriw bólimleri baslıqları menen birgelikte:

Usı qarardıń mazmun-mánisin túsindiriw boyınsha tiyisli ilajlardı alıp barıw;

rayon(qala) xalıq bilimlendiriw bólimleri hámde ulıwma orta bilim beriw mektepleri tárepinen attestaciya processlerin tastıyıqlanğan Reje talaplarına muwapıq shólkemlestiriwin qadağalawğa alıw;

attestaciyadan ótkenine bes jıl tolğan hám bes jıl dawamında ámeldegi qánigelik kategotiyasın(lawazımın) qorğamağan yaki qánigeligin asırmağan pedagog xızmetkerlerdi náwbettegi attestaciyağa óz waqtında qamtıp alınıwın qadağalaw;

náwbettegi attestaciyadan ótetuğın hám náwbetten tısqarı attestaciyadan ótiw ushın óz qálewin bildirgen pedagog xızmetkerlerdiń pedagogikalıq sheberligi hám psixologiyalıq tayarlığınıń bahalanıwın shólkemlestiriw;

bahalaw nátiyjeleri boyınsha mağlıwmatnamanıń pedagog xızmetkerge óz waqtında usınılıwın qadağalaw;

**4. Ministrliktiń Xabar-kommunikaciya texnologiyaların engiziw hám rawajlandırıw bólimi ( R.Xudaybergenov) ne:**

Ózbekstan Respublikqası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń xalıq bilimlendriw tarawın basqarıw sistemasın (ERP) «**pedkadr.tdi.uz**» platforması menen integraciya qılıw boyınsha usınısların 2021-jıl 15-dekabrge shekem Xalıq bilimlendiriw ministrligine kirirtiw wazıypası júkletilsin.

**5. Rayon(qala) xalıq bilimlendiriw bólimleri baslıqları hámde ulıwma orta bilim beriw mektepleri direktorlarına:**

attestaciya processlerin Reje talaplarına muwapıq shólkemlestiriw;

náwbettegi attestaciyadan ótetuğın hám náwbetten tısqarı attestaciyadan ótiw ushın óz qálewin bildirgen pedagog xızmetkerlerdiń pedagogikalıq sheberligi hám psixologiyalıq tayarlığın bahalawın shólkemlestirsin hámde bahalaw nátiyjeleri

boyınsha maǵlıwmatnamanıń pedagog xızmetkerge óz waqtında usınılıwın támiyinlesin;

attestaciyadan ótkenine bes jıl tolǵan hám bes jıl dawamında ámeldegi qánigelik kategotiyasın(lawazımın) qorǵamaǵan pedagog xızmetkerlerdi náwbettegi attestaciyaǵa óz waqtında qamtıp alınıw ilajların kórsin;

6. **Ministrliktiń bas yuristkonsultı (S.Atamuratov)na:**

bir ay ishinde qabıl etilgen normativ-huqıqıy hújjetlerdi usı qararǵa muwapıqlastırıw boyınsha usınısların Inspekciyaǵa kiritsin.

7. **Kadrlar bólimi (S.Jumaniyazov)ne:**

Bilimlendiriw mákemelerinde 15 jıllıq is stajına iye bolǵan joqar qánigelik kategoriyasına iye pedagog xızmetkerdiń is stajın esaplaw tártibi boyınsha rayon(qala) xalıq bilimlendiriw bólimlerinde túsindiriw jumısların alıp barsın.

8. **Atqarıwshılıq tártibi hám múrájatlar menen islesiw bólimi(M.Esbosınov) ne**:

Bir kún múddet ishinde usı buyrıqtı rayon(qala) xalıq bilimlendiriw bólimlerine jetkiziliwin támiynlesin.

9. Usı buyrıqtıń orınlanıwın qadaǵalaw ministrdiń birinshi orınbasarı w.w.a Q.Bekbaulievqa júkletilsin.

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI * QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI *

**Ministr** **R.Reimov**

Nókis qalası
2021-jıl 15 oktyabr
№ 223